

Kirundi

Ibiri mugatabo ka 2

Igisata gifasha abagendana Ubumuga ni iki?

Ibivyanditse muri kano gatabo vyateguwe n'Ishirahamwe AMPARO Advocacy kugirango bifashe abantu bafise imico itandukanye bavuga nindimi zitandukanye amakuru asiguye yerekeye Igisata gishinzwe gufasha abantu bagendana ubumuga.

Igisata gishinzwe gufasha abantu bagendana ubumuga citwa NDIS kandi nuburyo bushasha bwogufasha abagendana ubumuga bwokubona kwitabwaho no gubona imfashanyo bakeneye, imfashanyo itangigwa kubantu, nuburyo mugihugu cose nukuvuga ivyo nikubantu bose baba muri Australia yose. Ubwoburyo buzobabuboneka mugihugu cose mumwaka wa 2019, kandi buzotangurira muri Queensland mumwaka wa 2016. Abantu bagendana ubumuga bashobora kuronka imfashanyo ivuye muri NDIS bitwa "Abanywanyani".

Kwemeregwa

Igisata NDIS gifasha abagendana ubumuga baba muri Australia kandi-

- Bari musu yimwaka 65 yamavuko mugihugu babona imfashanyo muri NDIS
- Kuba uri umunyagihu **canke** ubaho bwego vyemewe namateguko ya Australia, **canke** kuba uri umunyagihugu wa New Zealand akingiwe nuburenganzira budasanze bumwemerera kuba mugihugu.
- Kuba ufise ubumuga butazokira, 'uzobumarana igihe kirekire mubuzima bwawe' kandi buhindura ubushobozi bwawe bwogukora ibikogwa vyo mubuzima bwamisi yose.

Kubantubadashobora kwemeregwa, Igisata NDIS gishobora kubereka ahandibashobora kubona imfashanyo zibakwiriye.

Ihitamwo hamwe n'isuzumwa

Muri kahise, abantu benshi bagendana ubumuga muri Australia biyumvamwo ko bakumiwe mubandi banyagihugu, ugasanga bafise ihitamwo rito mumfashanyo baronka. Mugisata NDIS, abitavye umugambi wa NDIS bashobora guhitamwo imfashanyo bifuzwa nuburyo boronka imfashanyo bifuzwa.

Imfashanyo ikenewe kandi ishimishije

Igisata NDIS kizoriha imfashanyo yatanze kubera ubumuga, ikenewe kandi ikaba izofasha gushika kumigabo n'umigambi no gusohozza indoto, kandi igafasha abagendana ubumuga kubaho bigenga.

Igisata NDIS gitanga imfashanyo ku bantu bagendana ubumuga bakeneye kugirango biyumvemwo mumibanire nabandi banyagihugu no mwiterambere ry'abanyagihugu. Ibibishobora kuba nko-

- Kugira ubugenzi nabandi nukumvako urikumwe nabandi-kubakumwe n'umuryango n'abagenzi



- Kwitabira ibikogwa bihuza abanyagihugu- harimwo nibikogwa vyokwinezereza
- Kujakwishuli,kwiga no kuronswa ubumenyi-kwiga kuri TAFE canke Kaminuza
- Ibikogwa vyamisi yose muri rusangi- harimwo no gufata ivyemezo,kuriha ivyowakoresheje,nogutorera inyishu ibibazo
- Imenyekanishwa-nkokumenyesha canke kumva abandi
- Kugendagenda-nkokugendagenda impande y'inzu no mubanyagihugu,canke kuronka ibikoresho vyagenewe gufasha abagendana ubumuga kugenda
- Kwifasha hamwe nuburyo budasanzwe bwokwitaho umubiri-nkogufashwa kwiyuhagira,kwiyambika impuzu,nogufungura
- Ibikogwa vyomuhira-nkogutegura ivyokurya no gukubura inzu
- Ishakwa ry'akazi- nkogushaka akazi canke kugumana akazi ariko

Ico Igisata NDIS kitazokwitaho

Igisata NDIS ntikizokwitaho icarico cose ki-

- Kiterekeranye n'ubumuga bw'abantu
- Cerekeranye n'uburyo bwokubaho burimusi bidakorewe abantu bakenewe gufashwa
- Cahawe imfashanyo nikindi gisata, nku Umuburezi,mubuzima canke n'igisata kiraba amazuya Leta
- Kiboneka kogishobora kugirira nabi abitavye umugambi wa NDIS canke abandi bantu.

Abana bagendana ubumuga

Igisata NDIS gishobora gufasha abana bagendana ubumuga bakiribato. Gufasha abana bakiri bato bituma bigabanura ingorane zifatye kubumuga umwana wawe canke wewe azogira murikazozo.Igisata NDIS kivyita "Kwikingira hakirikare".



Abantu bagendana ubumuga nimiryango yabo

Ivyo abantu bagendana ubumuga bakeneye,harimwo kwihitiramwo no kwifatira ivyemezo ivyo bikaba biri mumigambi Igisata NDIS kigenderako mugufasha abagenda ubumuga,ariko uruhara ry'umuryango rufise akamaro.

Abantu bagendana ubumuga bashobora gutumira umuryango canke abandi babafasha kugirango bafashanye n'Igisata NDIS mumugambi wokubategurira ibikogwa vyokubafasha.Uwushinzwe uwomugambi azokwiyumvira inzira zokoresha zogufasha mugukomeza gufasha umuryango kandi azokwitwararika uruhara gw'umuryango mugufata ivyemezo vyogufasha Abitabiriye Umugamb iwa NDIS ,harimwo n'imfashanyo batanga ,nibindi bibega,nimigambi yubuzima bwabo .Abashinzwe Imigambi b'Igisata NDIS bazitwararika kandi ko abantu bagendana ubumuga bashobora kubabifuza ko umuryango umenyeshwa ivyemezo vyafashwe vyerekeye imfashanyo baronka,kandi bubahiriza ivyifuzo vyabo,ubumenyi bwabo n'ubushobozi bwabo.

Iyo ukeneye umusiguzi

Iyo ukeneye umusiguzi kugirango ubaze ikibazo canke ukeneye kumenya ibindi Hamagara Igisata c'abasiguzi citwa TIS kuri 131 450 usabe koboguhuza n'Igisata gifasha abagendana ubumuga kuri, 1800 800 110.



Uko ushobora kumenya nimba wemeregwa gufashwa

Ushobora gukoresha urupimo rw'Igisata NDIS gifasha abantu bagendana ubumuga kugirango umenye nimba ushobora kwemeregwa kubona imfashanyo mugisata gishinzwe gufasha abagenda abagendana ubumuga ruri kumurongo ngurukanabumenyi <http://www.ndis.gov.au/ndis-access-checklist>

Igisata NDIS gifasha abagenda ubumuga nigitangura gukorera muri Queensland ,Abantu bagendana ubumuga bazoshobora kuzuza "Urupapuro rwogusaba".Urworupapuro ruzofasha Igisata NDIS gifasha abagenda ubumuga gufata ingingo nimba ushobora kwemeregwa kubona imfashanyo.Kurugwo rupapuro uzokwandikako uko ubumuga bwawe bumeze,imyika yamavuko yawe,n'ubwenegihugu bwawe /icemezo c'uburenganzira bwegu bwokuba muri Australia.Amakopi y'urupapuro n'ivyo utegerezwa kwandika nizindimpapuro utegerezwa kwerekana kugira bigufashegusaba (*akarorero icemezo c'ubumuga, icemezo cahuba, imyika yamavuko, nibindi*) ushobora kubibona kumurongo ngurukanabumenyi w'Igisata NDIS gifasha abantu bagendana ubumuga (Ahari amakuru avuga Abitabiriye umugambi wa NDIS).

Umugambi wo Kwitegura imbere y'igihe

Abantu bashobora gutangura ubu kwiyumvira no kwitegura ukobazobaho n'imfashanyo bazokenera mukabaho.Hari igitabo c'imigambi c'Igisata NDIS gishinzwe gufasha abagenda ubumuga abantu bashobora kwuzuza bikabafasha kwitegura mumugambi wibizorangugwa .Amakopi yicogitabo aboneka kumurongo ngurukanabumenyi w'Igisata NDIS gishinzwe gufasha abagenda Ubumuga.Icogitabo casiguwe mundimi zikwirikira- Spanish, Vietnamizi, Icarabu, Ikigiriki, igitariyano, nigishinwa.

Gukorana n'uwishinzwe umugambi w'Igisata NDIS gishizwe gufasha abagenda ubumuga

Mugihe wamenyeshejwe ko wemerewe kubona Imfashanyo mugisata NDIS gifasha abantu bagendana ubumuga uzoronka igitabo kirimwo imigambi.Icogitabo cerekana neza imigambi n'uburyo bw'isuzumwa kandi harimwo ninyandiko y'Uwitavye Umugambi wa NDIS akambanza kwuzuza imbere yuko higwa umugambi wuko azofasha hamwe n'isuzumwa.Iyo abantu bakeneye imfashanyo nk'umusiguzi canke amakuru asiguye mururimi yumva,Igisata NDIS gifasha abagenda ubumuga gishobora kubigufasha.Ushobora gusabako ivyobitabo babisigura mururimi wumva mugihe ubikeneye mugihe muri murizonama.

Hari inzira nyinshi ushobora gukoresha mumugambi wawe n'Igisata NDIS gifasha abantu bagendana ubumuga harimwo inama wogirana n'uwushinzwe umugambi w'Igisata NDIS gishinzwe gufasha abagenda Ubumuga. Igisata NDIS gishinzwe gufasha abagenda Ubumuga kirafasha kurabira hamwe ivyo ukeneye,imigabo n'imigambi yawe hamwe nivy wifuza n'imfashanyo uronka ubu. Ibishobora kufata imibonano irenze umwe kandi ushobora kuba urikumwe nuwundi muntu ashobora kugufasha.Ukoresheje ayamakuru,Igisata NDIS gishinzwe gufasha abagenda Ubumuga kizotegura umugambi wokugufasha ujanye n'imfashanyo ukeneye n'imigabo hamwe n'imigambi yawe.Ushobora gutumira abandi bantu kuza kugufasha muriyinteguro yogutegura uko uzofashwa.

Ukeneye ayandi makuru www.ndis.gov.au

Ayamakuru yateguwe n'ishirahamwe AMPARO Advocacy Inc.

Nubwo ubumenyi n'ubushobozi ukobishoboka vyakoreshejwe mukwegeranya no kwandika aya makuru,ivyanditwe muri kano gatabo bitanga amakuru muri rusangi ariko bishobora kuba bidahuye neza nibihe urimwo.Izindi mpanuro kumuntu we ubwe zirakenewe cane.

Italiki: Kigarama2015



9 Chippendall St, Milton QLD 4064
info@amparo.org.au, www.amparo.org.au

phone 07 3369 2500
Interpreter Service 13 14 50